

**Sètifika Prelèvman Anplwaye a**

Ranpli Fòm W-4 pou patwon w lan ka preleve enpo federal ki kòrèk sou kòb w ap touche.

Bay anplwayè w la Fòm W-4 la.

IRS kapab egzamine prelèvman w lan.

<b>Etap 1:</b> <b>Antre Enfòmasyon Pèsonèl ou</b>	(a) Non ak inisyal dezyèm non ou	Siyati	(b) Nimewo sekirite sosyal
	Adrès		Èske non w koresponn ak non ki sou kat sekirite sosyal la? Si non, kontakte SSA nan 800-772-1213 oswa ale sou <a href="http://www.ssa.gov">www.ssa.gov</a> , pou w ka jwenn kredi revni w yo.
	Vil oswa vilaj, eta, ak kòd postal		
	(c) <input type="checkbox"/> Selibatè oswa <b>Marye epi ranpli separeman</b> <input type="checkbox"/> <b>Marye epi ranpli ansanm</b> oswa <b>Konjwen sivivan ki kalifye</b> <input type="checkbox"/> <b>Chèf Kay la</b> (Tcheke sèlman si w pa marye epi w peye plis pase mwatye depans pou w pran swen yon kay pou tèt ou ak yon moun ki kalifye.)		

**KONSÈY:** Konsidere itilize estimatè ki nan [www.irs.gov/W4App](http://www.irs.gov/W4App) pou detèmine rediksyon ki pi egzak pou rès ane a, si w ap ranpli fòm sa a apre kòmansman ane a; espere travay sèlman yon pati nan ane a; oswa ou gen chanjman pandan ane a nan estati maryaj ou, kantite travay ou (ak/oswa konjwen w si w marye epi ranpli ansanm), depandan, lòt revni (pa revni travay), dediksyon, oswa kredi. Gen dènye souch chèk ou (yo) pou ane sa a disponib lè w ap itilize estimatè ane sa a. Retcheke prelèvman w nan kòmansman ane pwochèn.

**Ranpli Etap 2-4 SÈLMAN si yo aplike avè w; otremman, ale nan Etap 5.** Gade paj 2 pou w jwenn plis enfòmasyon sou chak etap, ki moun ki ka di li pa sijè a prelèvman, ak ki lòt pou yo itilize estimatè nan [www.irs.gov/W4App](http://www.irs.gov/W4App) la.

**Etap 2:** Konplete etap sa a si w (1) gen plis pase yon djòb alafwa, oswa (2) ou marye epi n ranpli ansanm e konjwen w ap travay tou. Kantite prelèvman ki kòrèk la depann de revni n touche nan tout travay sa yo antou.

Fè **sèlman youn** nan bagay sa yo:

(a) Sèvi ak estimatè ki nan [www.irs.gov/W4App](http://www.irs.gov/W4App) pou prelèvman ki pi egzak pou etap sa a (ak Etap 3-4). Si oumenm oswa konjwen w gen revni travay endepandan, itilize opsyon sa a; **oswa**

(b) Sèvi ak Fèy Travay pou Plizyè Travay la ki nan paj 3 a epi antre rezilta a nan Etap 4(c) ki anba a; **oswa**

(c) Si gen sèlman de travay antou, ou ka tcheke kaz sa a. Fè menm jan an sou Fòm W-4 pou lòt travay la. Opsyon sa a jeneralman pi egzak pase (b) si salè nan travay ki pi ba a plis pase mwatye salè travay ki peye plis kòb la. Sinon, opsyon (b) pi egzak

**Ranpli Etap 3-4(b) nan Fòm W-4 pou sèlman YOUN nan travay yo.** Kite etap sa yo vid pou lòt travay yo. (Prelèvman w ap pi egzak si w ranpli Etap 3-4(b) sou Fòm W-4 pou travay ki pi byen peye a.)

<b>Etap 3:</b> <b>Reklame Kredi pou Depandan ak Lòt Kredi</b>	Si revni total ou a pral \$200 000 oswa mwens (\$400 000 oswa mwens si w marye epi n ranpli ansanm):		
	Miltipliye kantite timoun ki kalifye ki poko gen 17 an pa \$2 000	\$	
	Miltipliye kantite lòt depandan yo pa \$500	\$	
Ajoute kantite lajan ki anwo yo pou timoun ki kalifye yo ak lòt depandan yo. Ou ka ajoute nan sa a kantite lajan nenpòt lòt kredi. Antre total la isit la			<b>3</b> \$
<b>Etap 4 (opsyonèl):</b> <b>Lòt Ajisteman</b>	(a) <b>Lòt revni (pa revni travay).</b> Si w vle yo preleve enpo pou lòt revni w espere ane sa a ki pap gen prelèvman pa l, antre kantite lòt revni an isit la. Sa ka gen ladan l enterè, dividann, ak revni retrèt		<b>4(a)</b> \$
	(b) <b>Dediksyon.</b> Si w espere reklame dediksyon ki pa dediksyon estanda a epi w vle diminye dediksyon ou an, itilize Fèy Travay Dediksyon ki nan paj 3 a epi antre rezilta a isit la		<b>4(b)</b> \$
	(c) <b>Prelèvman siplemantè.</b> Antre enpo adisyonèl ou vle yo preleve chak peryòd peman		<b>4(c)</b> \$

**Etap 5:** Anba penalite fo temwayaj, mwen deklare sètifika sa a, dapre sa mwen konnen ak kwayans mwen, se laverite, li kòrèk, epi l konplè.

**Siyen Isit la**

\_\_\_\_\_ **Siyati anplwaye a** (Fòm sa a pa valab si w pa siyen l.) **Dat**

<b>Anplwayè Sèlman</b>	Non ak adrès anplwayè a	Premye jou travay la	Nimewo Idantifikasyon anplwayè (EIN)

## Enstriksyon Jeneral

Referans seksyon yo gen rapò ak Lwa Revni Entèn nan amwenske yon mete yon lòt referans.

### Pwojè pou Lavni

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou devlopman ki gen rapò ak Fòm W-4, tankou lejislasyon ki te adopte apre yo te pibliye l, ale nan [www.irs.gov/FormW4](http://www.irs.gov/FormW4).

### Objektif Fòm nan

Ranpli Fòm W-4 pou patwon w ka preleve enpo federal ki kòrèk sou peman w. Si yo preleve twò piti, jeneralman ou pral dwe enpo lè w ranpli deklarasyon enpo w epi w ka dwe yon penalite. Si yo kenbe twòp, y ap jeneralman dwe w yon ranbousman. Ranpli yon nouvo Fòm W-4 lè chanjman nan sityasyon pèsònèl ouwa finansye w ta chanje, antre yo nan fòm lan. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou prelevman ak lè w dwe bay yon nouvo Fòm W-4, gade Pib. 505, Prelevman Enpo ak Estimasyon Enpo.

**Egzanpsyon pou prelevman.** Ou gendwa di ou egzante pou prelevman ane 2025 si w ranpli toulede kondisyon sa yo: ou pa t gen okenn obligasyon enpo federal sou revni an 2024 epi w espere pa gen okenn obligasyon enpo federal sou revni an 2025. Ou pa t gen obligasyon enpo federal sou revni an 2024 si (1) total enpo w nan liy 24 Fòm 1040 ouwa 1040-SR 2024 ou a se zewo (oswa mwens pase sòm liy 27, 28, ak 29), ouwa (2) ou pa t oblije ranpli yon deklarasyon paske revni w te mwens pase limit pou estati ranpli pa w ki kòrèk la. Si w reklame yon egzansyon, ou pap gen okenn enpo sou revni ki preleve nan chèk salè w epi w ka dwe enpo ak penalite lè w depoze deklarasyon enpo ane 2025 ou. Pou fè reklamasyon egzansyon prelevman, sètifye w ranpli toulede kondisyon ki anwo yo lè w ekri "Egzante" sou Fòm W-4 la nan espas ki anba Etap 4(c) a. Apre sa, ranpli etap 1(a), 1(b), ak 5. Pa ranpli okenn lòt etap. W ap bezwen soumèt yon nouvo Fòm W-4 anvan 17 fevriye 2026.

**Vi prive w.** Etap 2(c) ak 4(a) mande enfòmasyon konsènan revni w te resevwa nan men lòt sous travay ki pa asosye avèk Fòm W-4 sa a. Si w gen enkyetid konsènan bay enfòmasyon yo mande nan Etap 2(c) a, ou ka chwazi Etap 2(b) kòm yon altènatif; si w gen enkyetid pou bay enfòmasyon yo mande yo nan Etap 4(a), ou ka antre yon montan anplis ou vle yo preleve pou chak peryòd peman nan Etap 4(c) kòm yon altènatif.

**Lè pou w itilize estimatè a.** Konsidere itilize estimatè ki nan [www.irs.gov/W4App](http://www.irs.gov/W4App) si w:

1. W ap soumèt fòm sa a apre kòmansman ane a;
2. Espere travay sèlman yon pati nan ane a;
3. Gen chanjman nan estati marital ou pandan ane a, kantite djòb ou (ak/oswa konjwen w si w marye epi ranpli ansanm), ouwa kantite depandan;
4. Resevwa dividann, pwofi kapital, sekirite sosyal, bonis, ouwa revni biznis, ouwa yo sijè a enpo Medicare Adisyonèl ouwa Enpo Revni Envestisman Net; ouwa
5. Prefere prelevman ki pi egzak la pou plizyè sityasyon travay.

**KONSÈY:** Gen dènye souch chèk ou (yo) pou ane sa a disponib lè w ap itilize estimatè ane sa a pou w jere enpo sou revni federal yo deja preleve pou ane a. Retcheke prelevman w nan kòmansman ane pwochèn.

**Travayè-endepandan.** Anjeneral, ou pral dwe ni enpo sou revni ni enpo travayè-endepandan sou nenpòt revni travay endepandan ou resevwa apa de salè w resevwa kòm yon anplwaye. Si w vle peye enpo sa yo pa mwayen prelevman nan salè w, sèvi ak estimatè ki nan [www.irs.gov/W4App](http://www.irs.gov/W4App) pou kalkile kantite lajan w pou yo preleve.

**Etranje ki pa rezidan.** Si w se yon etranje ki pa rezidan, gade Avi 1392 la, Enstriksyon Siplemanè Fòm W-4 pou Etranje ki Pa Rezidan yo, anvan w ranpli fòm sa a.

## Enstriksyon Espesifik

**Etap 1(c).** Tcheke estati ranpli w prevwa itilize a. Sa pral detèmine dediksyon estanda ak pousantaj enpo y ap itilize pou kalkile prelevman w lan.

**Etap 2.** Sèvi ak etap sa a si w (1) gen plis pase yon djòb an menm tan, ouwa (2) ou marye epi n ranpli ansanm, epi ou menm ak konjwen w nou toulede ap travay.

Opsyon (a) kalkile ak plis presizyon enpo adisyonèl ou vle preleve a, alòske opsyon (b) fè sa ak mwens presizyon.

Olye de sa, si ou (ak konjwen w) gen sèlman de djòb antou, ou ka tcheke kaz ki nan opsyon (c) a. Ou dwe tcheke bwat la tou sou Fòm W-4 pou lòt travay la. Si yo tcheke kaz la, dediksyon estanda a ak franch enpo yo pral koupe an mwaye pou chak travay pou kalkile prelevman an. Opsyon sa a egzat pou travay ki gen menm salè; otreman, yo ka preleve plis enpo pase sa k nesèsè, epi kantite siplemanè sa a ap pi gwo plis diferans lan pi gwo ant revni de travay yo.



**Plizyè travay.** Ranpli Etap 3 jiska 4(b) sou yon sèl Fòm W-4. Si w fè sa sou Fòm W-4 pou travay ki pi byen peye a, prelevman w lan ap pi egzak.

**Etap 3.** Etap sa a bay enstriksyon pou detèmine kantite kredi enpo pou timoun ak kredi pou lòt depandan ou ka reklame lè w ranpli deklarasyon enpo w. Pou kalifye pou kredi enpo pou timoun nan, timoun nan dwe gen mwens pase 17 an nan dat 31 desanm ane a, li dwe depandan w ki jeneralman abite avèk ou pou plis pase mwaye ane a, epi li dwe gen nimewo sekirite sosyal ki obligatwa a. Ou kapab reklame yon kredi pou lòt depandan yo pa ka reklame yon kredi enpo timoun pou li, tankou yon timoun ki pi gran ouwa yon fanmi ki kalifye. Pou plis kondisyon kalifikasyon pou kredi sa yo, gade Pib. 501, Depandan, Dediksyon Estanda, ak Enfòmasyon sou Depoze. Ou kapab mete tou **lòt kredi enpo** w kalifye pou yo nan etap sa a, tankou kredi enpo etranje ak kredi enpo edikasyon. Pou fè sa, ajoute yon estimasyon kantite lajan pou ane a nan kredi w pou depandan yo epi antre montan total la nan Etap 3. Si w enkli kredi sa yo, sa ap ogmante chèk ou epi redwi kantite ranbousman ou ka resevwa lè w fè deklarasyon enpo w.

### Etap 4 (opsyonèl).

**Etap 4(a).** Mete nan etap sa a total lòt revni w estime pou ane a, si genyen. Ou pa ta dwe enkli revni ki soti nan okenn travay ouwa travay endepandan. Si w ranpli Etap 4(a), gen anpil chans ou pa pral oblije fè peman enpo estime pou revni sa a. Si w prefere peye enpo estime olye yo preleve enpo sou lòt revni nan chèk ou, gade Fòm 1040-ES, Estimasyon Enpo pou Moun.

**Etap 4(b).** Antre nan etap sa a kantite lajan ki soti nan Fèy Travay Dediksyon an, liy 5, si w espere reklame dediksyon ki pa dediksyon estanda debaz sou deklarasyon enpo 2025 ou, epi w vle redwi prelevman ou an poutèt sa. Sa gen ladan l ni dediksyon detaye ak lòt dediksyon tankou enterè prè elèv yo ak IRA yo.

**Etap 4(c).** Antre nan etap sa a nenpòt enpo adisyonèl ou vle preleve nan kantite lajan w peye chak peryòd peman, ki gen ladan l nenpòt montan ki soti nan Fèy Plizyè Travay la, nan liy 4. Si w antre yon montan isit la, sa ap redwi chèk salè w epi l ap swa ogmante ranbousman ou ouwa diminye kantite enpo ou dwe.

**Etap 2(b) – Fèy Travay pou Plizyè Travay** (*Konsève nan dosye w.*)

Si w chwazi opsyon ki nan Etap 2(b) nan Fòm W-4 la, ranpli fèy travay sa a (ki kalkile total enpo siplemantè pou tout travay yo) sou **YON SÈL** Fòm W-4 sèlman. Si w ranpli feyè travay la epi w antre rezilta a sou Fòm W-4 pou travay ki pi byen peye a, w ap pi egzak. Pou w egzak, soumèt yon nouvo Fòm W-4 pou revni tout lòt travay yo si w pa t mete l ajou depi 2019.

**Remak:** Si plis pase yon travay gen salè anyèl ki plis pase \$120 000 oswa w gen plis pase twa travay, gade Pib. 505 pou tablo adisyonèl; oswa, ou ka itilize estimatè prelevman ki sou entènèt la nan <https://www.irs.gov/ht/individuals/tax-withholding-estimator>.

- 1 **De travay.** Si w gen de djòb oswa si w marye epi n ranpli ansanm, epi ou menm ak konjwen w nou chak gen yon travay, jwenn montan ki nan tablo ki apwopriye nan paj 4 la. Sèvi ak ranje “Travay ki peye pi plis la” ak kolòn “Travay ki peye mwens la”, jwenn valè kote de ranje sa yo rankontre a epi antre valè sa a nan liy 1 an. Apre sa, ale nan liy 3 a . . . . . **1** \$ \_\_\_\_\_
- 2 **Twa travay.** Si oumenm ak / oswa konjwen w gen twa travay anmenmtan, ranpli liy 2a, 2b, ak 2c ki anba a. Sinon, ale nan liy 3 a.
  - a Jwenn montan ki apwopriye nan paj 4 lè w sèvi ak salè anyèl travay ki peye pi plis la nan ranje “Travay ki peye pi plis” la ak salè anyèl pwochen travay ki peye plis la nan kolòn “Travay ki peye mwens” la. Jwenn valè kote de salè sa yo rankontre nan tablo a epi antre valè a nan liy 2a . . . . . **2a** \$ \_\_\_\_\_
  - b Ajoute salè anyèl de djòb ki pi byen peye yo nan liy 2a ansanm epi sèvi ak total la kòm salè ki nan ranje “Travay ki pi byen peye a” epi sèvi ak salè anyèl twazyèm travay ou a nan kolòn “Travay ki peye mwens la” pou jwenn montan ki soti nan tablo apwopriye ki nan paj 4 la epi antre montan sa a nan liy 2b . . . . . **2b** \$ \_\_\_\_\_
  - c Adisyon liy 2a avèk 2b epi antre rezilta a nan liy 2c . . . . . **2c** \$ \_\_\_\_\_
- 3 Antre konbyen peryòd peman pa ane pou travay ki peye pi plis la. Pa egzanp, si travay la peye chak semèn, antre 52; si l peye chak 2 semèn, antre 26; si l peye chak mwa, antre 12, elatriye . . . . . **3** \_\_\_\_\_
- 4 **Divize** montan anyèl ki sou liy 1 oswa liy 2c pa kantite peryòd peman sou liy 3. Antre montan an isit la ak nan **Etap 4(c)** ki nan Fòm W-4 pou travay ki peye pi plis la (ansanm ak nenpòt lòt kantite lajan ou vle yo preleve) . . . . . **4** \$ \_\_\_\_\_

**Etap 4(b) – Fèy Travay Dediksyon** (*Konsève nan dosye w.*)

- 1 Antre yon estimasyon dediksyon detaye ou yo pou ane 2025 (ki sot nan Barèm A (Fòm 1040)). Dediksyon sa yo ka enkli enterè ipotèk ki kalifye, kontribisyon charite, enpo lokal ak eta a (jiska \$10 000), ak depans medikal ki depase 7,5% revni w pou ane a . . . . . **1** \$ \_\_\_\_\_
- 2 Antre:  $\left\{ \begin{array}{l} \bullet \$30\,000 \text{ si w marye epi ranpli ansanm oswa yon konjwen sivivan kalifye} \\ \bullet \$22\,500 \text{ si w se chèf kay la} \\ \bullet \$15\,000 \text{ si w selibatè oswa marye men ranpli separeman} \end{array} \right\}$  . . . . . **2** \$ \_\_\_\_\_
- 3 Si liy 1 an pi gwo pase liy 2 a, retire montan liy 2 a nan montan liy 1 an epi antre rezilta a isit la. Si liy 2 a pi gwo pase liy 1 an, antre “-0-” . . . . . **3** \$ \_\_\_\_\_
- 4 Antre yon estimasyon pou enterè prè elèv, kontribisyon IRA ki dediktib, ak kèk lòt ajisteman (ki soti nan Pati II nan Barèm 1 an (Fòm 1040)). Gade Pib. 505 pou plis enfòmasyon . . . . . **4** \$ \_\_\_\_\_
- 5 **Adisyon** liy 3 ak 4. Antre rezilta a isit la ak nan **Etap 4(b)** Fòm W-4 la . . . . . **5** \$ \_\_\_\_\_

**Avi konsènan Lwa Konfidansyalite ak Lwa sou Rediksyon Dokiman.**

Nou mande enfòmasyon ki sou fòm sa a pou aplike lwa Revni Entèn Ozetazini. Lwa Revni Entèn nan, nan seksyon 3402(f)(2) ak 6109 ak règleman yo mande pou w bay enfòmasyon sa yo; patwon w lan sèvi ak li pou detèmine prelevman sou revni federal. Si w pa bay yon fòm byen ranpli, sa pral lakòz yo trete w kòm yon selibatè ki pa gen okenn lòt antre sou fòm lan; bay fo enfòmasyon ap fè w sibi penalite. Itilizasyon woutin enfòmasyon sa yo enkli bay Depatman Jistis la pou litij sivil ak kriminel; nan vil yo, eta yo, Distri Columbia, ak Commonwealth ak teritwa ameriken yo pou yo itilize nan administrasyon lwa enpo yo; ak Depatman Sante ak Sèvis Imen pou itilize nan Anyèl Nasyonan Nouvo Anplwaye. Nou ka divilge enfòmasyon sa yo tou bay lòt peyi anba yon trete fiskal, bay ajans federal ak leta pou fè respekte lwa kriminel federal ki pa gen rapò ak enpo, oswa bay ajans federal ki fè respekte lalwa ak entelijans pou konbat teworis.

Ou pa oblije bay enfòmasyon yo mande yo sou yon fòm ki sijè a Lwa sou Rediksyon Papyè, sof si fòm nan montre yon nimewo kontwòl OMB ki valab. Liv oswa dosye ki gen rapò ak yon fòm oswa enstriksyon li yo dwe konsève toutotan kontni yo ka vin enpòtan nan administrasyon nenpòt lwa Revni Entèn. Anjeneral, deklarasyon enpo ak enfòmasyon sou deklarasyon yo konfidansyèl, jan seksyon 6103 lalwa egzije sa.

Tan mwayèn ak depans ki nesèsè pou ranpli ak depoze fòm sa a ap varye selon sikonstans endividyèl. Pou estimasyon tan mwayèn, gade enstriksyon pou deklarasyon enpo sou revni w.

Si w gen sijesyon pou fè fòm sa a pi senp, nou ta kontan tande w. Gade nan enstriksyon pou deklarasyon enpo sou revni w.

**Marye epi Ranpli Ansanm oswa Konjwen Sivivan ki kalifye**

Revni Anyèl Taksab Pou Travay ki Peye Plis la	Revni Anyèl Taksab Pou Travay ki Peye Mwens la											
	\$0 - 9 999	\$10 000 - 19 999	\$20 000 - 29 999	\$30 000 - 39 999	\$40 000 - 49 999	\$50 000 - 59 999	\$60 000 - 69 999	\$70 000 - 79 999	\$80 000 - 89 999	\$90 000 - 99 999	\$100 000 - 109 999	\$110 000 - 120 000
\$0 - 9 999	\$0	\$0	\$700	\$850	\$910	\$1 020	\$1 020	\$1 020	\$1 020	\$1 020	\$1 020	\$1 020
\$10 000 - 19 999	0	700	1 700	1 910	2 110	2 220	2 220	2 220	2 220	2 220	2 220	3 220
\$20 000 - 29 999	700	1 700	2 760	3 110	3 310	3 420	3 420	3 420	3 420	3 420	4 420	5 420
\$30 000 - 39 999	850	1 910	3 110	3 460	3 660	3 770	3 770	3 770	3 770	4 770	5 770	6 770
\$40 000 - 49 999	910	2 110	3 310	3 660	3 860	3 970	3 970	3 970	4 970	5 970	6 970	7 970
\$50 000 - 59 999	1 020	2 220	3 420	3 770	3 970	4 080	4 080	5 080	6 080	7 080	8 080	9 080
\$60 000 - 69 999	1 020	2 220	3 420	3 770	3 970	4 080	5 080	6 080	7 080	8 080	9 080	10 080
\$70 000 - 79 999	1 020	2 220	3 420	3 770	3 970	5 080	6 080	7 080	8 080	9 080	10 080	11 080
\$80 000 - 99 999	1 020	2 220	3 420	4 620	5 820	6 930	7 930	8 930	9 930	10 930	11 930	12 930
\$100 000 - 149 999	1 870	4 070	6 270	7 620	8 820	9 930	10 930	11 930	12 930	14 010	15 210	16 410
\$150 000 - 239 999	1 870	4 240	6 640	8 190	9 590	10 890	12 090	13 290	14 490	15 690	16 890	18 090
\$240 000 - 259 999	2 040	4 440	6 840	8 390	9 790	11 100	12 300	13 500	14 700	15 900	17 100	18 300
\$260 000 - 279 999	2 040	4 440	6 840	8 390	9 790	11 100	12 300	13 500	14 700	15 900	17 100	18 300
\$280 000 - 299 999	2 040	4 440	6 840	8 390	9 790	11 100	12 300	13 500	14 700	15 900	17 100	18 300
\$300 000 - 319 999	2 040	4 440	6 840	8 390	9 790	11 100	12 300	13 500	14 700	15 900	17 170	19 170
\$320 000 - 364 999	2 040	4 440	6 840	8 390	9 790	11 100	12 470	14 470	16 470	18 470	20 470	22 470
\$365 000 - 524 999	2 790	6 290	9 790	12 440	14 940	17 350	19 650	21 950	24 250	26 550	28 850	31 150
\$525 000 ak pi plis	3 140	6 840	10 540	13 390	16 090	18 700	21 200	23 700	26 200	28 700	31 200	33 700

**Selibatè oswa Marye epi Ranpli Separeman**

Revni Anyèl Taksab Pou Travay ki Peye Plis la	Revni Anyèl Taksab Pou Travay ki Peye Mwens la											
	\$0 - 9 999	\$10 000 - 19 999	\$20 000 - 29 999	\$30 000 - 39 999	\$40 000 - 49 999	\$50 000 - 59 999	\$60 000 - 69 999	\$70 000 - 79 999	\$80 000 - 89 999	\$90 000 - 99 999	\$100 000 - 109 999	\$110 000 - 120 000
\$0 - 9 999	\$200	\$850	\$1 020	\$1 020	\$1 020	\$1 370	\$1 870	\$1 870	\$1 870	\$1 870	\$1 870	\$2 040
\$10 000 - 19 999	850	1 700	1 870	1 870	2 220	3 220	3 720	3 720	3 720	3 720	3 890	4 090
\$20 000 - 29 999	1 020	1 870	2 040	2 390	3 390	4 390	4 890	4 890	4 890	5 060	5 260	5 460
\$30 000 - 39 999	1 020	1 870	2 390	3 390	4 390	5 390	5 890	5 890	6 060	6 260	6 460	6 660
\$40 000 - 59 999	1 220	3 070	4 240	5 240	6 240	7 240	7 880	8 080	8 280	8 480	8 680	8 880
\$60 000 - 79 999	1 870	3 720	4 890	5 890	7 030	8 230	8 930	9 130	9 330	9 530	9 730	9 930
\$80 000 - 99 999	1 870	3 720	5 030	6 230	7 430	8 630	9 330	9 530	9 730	9 930	10 130	10 580
\$100 000 - 124 999	2 040	4 090	5 460	6 660	7 860	9 060	9 760	9 960	10 160	10 950	11 950	12 950
\$125 000 - 149 999	2 040	4 090	5 460	6 660	7 860	9 060	9 950	10 950	11 950	12 950	13 950	14 950
\$150 000 - 174 999	2 040	4 090	5 460	6 660	8 450	10 450	11 950	12 950	13 950	15 080	16 380	17 680
\$175 000 - 199 999	2 040	4 290	6 450	8 450	10 450	12 450	13 950	15 230	16 530	17 830	19 130	20 430
\$200 000 - 249 999	2 720	5 570	7 900	10 200	12 500	14 800	16 600	17 900	19 200	20 500	21 800	23 100
\$250 000 - 399 999	2 970	6 120	8 590	10 890	13 190	15 490	17 290	18 590	19 890	21 190	22 490	23 790
\$400 000 - 449 999	2 970	6 120	8 590	10 890	13 190	15 490	17 290	18 590	19 890	21 190	22 490	23 790
\$450 000 ak pi plis	3 140	6 490	9 160	11 660	14 160	16 660	18 660	20 160	21 660	23 160	24 660	26 160

**Chèf Kay la**

Revni Anyèl Taksab Pou Travay ki Peye Plis la	Revni Anyèl Taksab Pou Travay ki Peye Mwens la											
	\$0 - 9 999	\$10 000 - 19 999	\$20 000 - 29 999	\$30 000 - 39 999	\$40 000 - 49 999	\$50 000 - 59 999	\$60 000 - 69 999	\$70 000 - 79 999	\$80 000 - 89 999	\$90 000 - 99 999	\$100 000 - 109 999	\$110 000 - 120 000
\$0 - 9 999	\$0	\$450	\$850	\$1 000	\$1 020	\$1 020	\$1 020	\$1 020	\$1 870	\$1 870	\$1 870	\$1 890
\$10 000 - 19 999	450	1 450	2 000	2 200	2 220	2 220	2 220	3 180	4 070	4 070	4 090	4 290
\$20 000 - 29 999	850	2 000	2 600	2 800	2 820	2 820	3 780	4 780	5 670	5 690	5 890	6 090
\$30 000 - 39 999	1 000	2 200	2 800	3 000	3 020	3 980	4 980	5 980	6 890	7 090	7 290	7 490
\$40 000 - 59 999	1 020	2 220	2 820	3 830	4 850	5 850	6 850	8 050	9 130	9 330	9 530	9 730
\$60 000 - 79 999	1 020	3 030	4 630	5 830	6 850	8 050	9 250	10 450	11 530	11 730	11 930	12 130
\$80 000 - 99 999	1 870	4 070	5 670	7 060	8 280	9 480	10 680	11 880	12 970	13 170	13 370	13 570
\$100 000 - 124 999	1 950	4 350	6 150	7 550	8 770	9 970	11 170	12 370	13 450	13 650	14 650	15 650
\$125 000 - 149 999	2 040	4 440	6 240	7 640	8 860	10 060	11 260	12 860	14 740	15 740	16 740	17 740
\$150 000 - 174 999	2 040	4 440	6 240	7 640	8 860	10 860	12 860	14 860	16 740	17 740	18 940	20 240
\$175 000 - 199 999	2 040	4 440	6 640	8 840	10 860	12 860	14 860	16 910	19 090	20 390	21 690	22 990
\$200 000 - 249 999	2 720	5 920	8 520	10 960	13 280	15 580	17 880	20 180	22 360	23 660	24 960	26 260
\$250 000 - 449 999	2 970	6 470	9 370	11 870	14 190	16 490	18 790	21 090	23 280	24 580	25 880	27 180
\$450 000 ak pi plis	3 140	6 840	9 940	12 640	15 160	17 660	20 160	22 660	25 050	26 550	28 050	29 550